Kèk Ti Konsèy pou Evite Dan Timoun Gate Bonè

Dan an sante enpòtan

Dan gate oswa yon twou nan dan, kapab kòmanse avèk premye dan yon tibebe. Sa kapab lakòz doulè, enfeksyon ak lòt pwoblèm sante. Dan tibebe enpòtan pou manje, pale, ak kenbe espas pou dan adilt yo.

EVITE kolasyon ak bwason sikre

- Manje ak bwason sikre kapab lakòz dan ou gate.
- Limite kantite fwa ou pran kolasyon epi ofri kolasyon ki gen yon ti kantite sik.
- Pa bay plis pase sis (6) ons ji pa jou.

LIMITE kantite tan pou tibebe a bwè ti gòje nan yon bibwon oswa nan yon tas pou pran ti gòje

- Lè ji, soda, lèt oswa lèt anpoud rete nan dan pitit ou twò lontan, sik ki nan bwason sa yo kapab lakòz dan an gate.
- Ofri dlo - li pa gen sik.
- Pa mete tibebe ou dòmi avèk yon bibwon.

PRAN PREKOSYON OU avèk jèm ki lakòz twou nan dan ki kapab simaye nan timoun nan avèk saliv la

- Pa sèvi nan menm istansil avèk tibebe ou oswa pa manje nan sa tibebe a ap manje.
- Netwaye tetin yo avèk dlo, pa avèk bouch ou.
- Pran swen dan pa ou pou redui jèm ki nan bouch ou.

Bwose dan yo de fwa pa jou

- Imedyatman premye dan an soti, kòmanse bwose li avèk yon bwòs dan mou ak dlo.
- Bwose dan an avèk yon kantite pat dantifris ki gen fliyò ki gwosè yon grenn pwa pou timoun ki gen laj 2 zan ak plis.
- Ede epi sipèvize timoun yo jouk lè yo kapab bwose dan yo poukont yo.

Kòmanse fè vizit regilye nan klinik dantis lè timoun nan gen laj yon ane

- Anjeneral, timoun yo ta dwe wè yon dantis chak sis (6) mwa.
- Pale avèk dantis pitit ou oswa avèk pedyat li konsènan vèni ki gen fliyò, yon kouch ki pentire sou dan yo pou evite dan yo gate.

Medicaid ak Child Health Plus garanti swen dan.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sante bouch oswa pou jwenn yon klinik dantè ki pa koute chè oswa yon konpayi asirans dan ki toupre ou, ale sou sitwèb nyc.gov epi chèche: Teeth oswa rele 311.

NYC Health